

Urutonde rw'ibintu bijanye no kwumva hamwe no kuvuga (kugira bifashe gukurikirana ukwumva kw'umwana wawe)

Kuva akivuka gushika ku mezi 3

- Araryoherwa n'amajwi amenyereye
- Arakanguka canke agasimbuka iyo urwamo ruje giturumbuka

Amezi 3 gushika kuri 6

- Arahindukiza umutwe n'amaso atumbereje iyo amajwi amuryohera azananye
- Umenga ariko arumviriza
- Biroroha ko avyuka iyo havuze ijwi
- Atangura guhoha ibisa n'amajwi

Amezi 6 gushika kuri 12

- Aratahura amajambo yoroshe nka "oya" & "bayi"
- Atangura kwigana amajwi
- Ahindukiza umutwe arabisha iyo amajwi yoroshe azananye

Amezi 12 gushika kuri 18

- Uko haca indwi niko atera atahura ayandi majambo
- Iyo bamubajije, arashobora kwerekana abantu, ibihimba vy'umubiri canke ibikinisha
- Arakurikiza ivyo bamubwiye gukora n'umunwa iyo vyoroshe gutahura. Akarorero: "icara"
- Arashobora kuvuga amajambo azwi abiri canke atatu. Akarorero: "umupira", "imbwa", "imodoka"

Isango ryo gutwara umwana wanje mu gisata c'amagara y'abantu kiraba ingorane zo kutumva

Muganga yanonosoye ingorane zo kutumva azosaba gukorera ibipimo umwana wawe bijanye no kwumva imbere yuko akwiza amezi 12. Bazokurondera kugira muhane isango.

Isango ryo kuja mu

Gisata c'Ubuhingana mu ngorane zo kutumva:

Igisata c'Ubuhingana mu ngorane zo kutumva

Aderese:

Nomero ya terefone:

Umuntu wo kurondera:

Itariki & Isaha:

Bizogenda gute nibitakunda ko twitaba isango?

Bidakunda ko witaba isango, usabwerekubimenyeshya Umuganga w'umuhinga mu ngorane zo kutumva kugira muhane iyindi sango

Bizogenda gute bishitse tukimuka?

Ni vyashika ukimukira mu kandi karere canke mu kindi gisagara, usabwe guhamagara Muganga wawe yanonosoye ibijanye n'ingorane zo kutumva, azokubwira ahantu hari igisata c'ubuhinga mu ngorane zo kutumva cegereye aho uzoba wimukiye.

Ni wahindura ahuba canke nomero yaterefone n'ibindi bifasha kugutora, usabwe kubimenyeshya igisata c'ubuhinga mu ngorane zo kutumva kugira bazogutore niyo bashakira kukumenyeshya isango yawe.

Niyo umwana wawe yashikana umwaka 1 Muganga yanonosoye ingorane zo kutumva atarakurondera, usabwe kuzoca umurondera kugira muhane isango.

Healthy Hearing Program

(Umugambi wo Kubungabunga Amagara meza y'Amatwi)



Your Baby's Follow-Up Hearing Test

Igipimo co gusuzuma Kwumva kigirirwa umwana wawe

Ukwumva kw'umwana wawe kurashobora guhinduka ukw'iminsi ihera.

Ururwandiko rusigura igituma bikenewe ko abana bamwebamwe basubira kugirirwa igipimo co kwumva iyo **bakwije umwaka 1** canke imbere yaho **bakwije amezi 6** kubera haba habonetse ibituma bimwebimwe bishobora gutera ingorane.



Queensland Government

Kwumva neza birafasha umwana wawe kumenya kuvuga hakiri kare agifise amezi make

Umwana wanje aramaze kugirirwa igipimo co kwumva, ni kubera iki bagomba kumugirira ikindi gipimo co Kwumva?

Umwana wawe arafise igituma kimwe canke vyinshi vyoshobora kurwiza amahirwe yo gutakaza kwumva uko atera akura.

Nimba umwana wawe afise imwe mu ngorane zikurikira zishobora kugira ingarukambi, azosuzumwa haciye indwi 6 apimwe ko yumva :

- Ingorane zijanye no gutakaza kwumva
- Ingorane zijanye n'ukuntu umutwe canke mu maso hiwe haforomye nk'akarorero amagage agabuyemwo kubiri

Nimba umwana wawe afise imwe canke nyinshi mu ngorane zikurikira zishobora kugira ingaruka mbi, azosuzumwa amaze umwaka avutse :

- Nimba afise akahise ko mu muryango ko gutakaza kwumva burundu: N'ukuvuga umuvyeyi canke umuvukanyi atumva kuva akiri muti
- Nimba hari ingwara zashobora kumufata akiri mu nda canke igihe yariko aravuka
- Harakoreshejwe ubuhinga bwo kumufasha guhema neza iminsi irenga 5 ahejeje kuvuka
- Yarafise ingorane zikomeye zo guhema akivuka
- Mu maso hiwe harasa cane n'umuhondo

Naho ari abana bake bafise izo ngorane zo hejuru batakaza kwumva, birakenewe ko umwana wawe apimwa n'Umuganga yanonosoye ingorane zo kutumva ighe aba yakuzze bukebukeye.

Umuhinga yanonosoye ingorane zo kutumva bisigura iki?

Umuhinga yanonosoye ingorane zo kutumva ni umuhinga afise ubumenyi n'ibikoresho bimufasha gukora igipimo co kuraba ko umuntu yumva.

Mbona umenga umwana wanje arumva amajwi. Arakakeneye igipimo co gusuzuma kwumva?

Benshi mu bana batakaje kwumva barashobora kwumva bakanitaba amajwi amwe amwe. Nico gituma bidashoboka kumenya ko umuntu yatakaje kwumva kiretse hakoreshajwe ibipimo vya bigenewe.

Niwagira amakenga ajanye n'ukwumva kw'umwana wawe usabwe kuzoca uterefone Umuhinga yanonosoye ivyo Kwumva kugira muhane isang ohakiri kare.

Nibiki biba iyo igipimo co kwumva kiriko kirakorwa?

Umuhinga yanonosoye ingorane zo kutumva azokora ibipimo bitandukanye vyo kwumva asuzuma ibice bitandukanye bifasha kwumva vy'umwana wawe. Bazogusigurira igipimo kimwekimwe cose hamwe n'ivyakivuyemwo witavye isango.

Ibipimo bizokwemeza ko umwana wawe yumva neza canke ko yatakaje kwumva.



Umwana wawe ashobora kwitaba isango rimwe canke kabiri kugira mumenye ivyavuye mu bipimo.

Ivyo bipimo bizotwara amahera angana gute?

Abana basanzwe bafashwa mu kwivuza baba abavukiye mu bitaro vya Reta canke vy'abigenga barashobora kugirirwa ibipimo ku buntu iyo bagiye mu bitaro vya Reta. Niwahitamwo kuja ku Muganga yanonosoye ingorane zo kutumva yigenga, usabwe kubanza kuganira nawe ibijanye n'amahera uzorihira imbere yuko witaba isango.

Uwuzogusuma azokubwira vyinshi vyerekeye Igisata kivura ibijanye no Kwumva kiri aho uherereye.

Bizogenda gute niyo umwana wanje nasanga yaratakaje kwumva?

Nimba umwana wawe atatakaje kwumva burundu, Muganga yanonosoye ingorane zo kutumva azosaba gusubira kumusuzuma. Niyo ata karusho kaboneka mu kwumva kw'umwana wawe, Muganga yanonosoye ingorane zo kutumva azoguhanura kujana umwana wawe kuraba Muganga yanonosoye kuvura ingwara z'amatwi, amazuru n'umuhogo (ENT).

Niyo basanga umwana wawe yaratakaje kwumva burundu, Muganga yanonosoye ingorane zo kutumva azokurungika hamwe canke hose muri aha hantu hakurikira:

- Ivurirory'abana rivura ingorane zijanye no kutumva
- Muganga yanonosoye kuvura ingwara z'amatwi, amazuru n'umuhogo
- Muganga yanonosoye kuvura ingwara z'abana
- Australian Hearing, bafasha mu gutorera umuti ingorane zo kutumva
- Queensland Hearing Loss Family Support Service (QLHFSS)
- abandi bahinga bakenewe.

QLHFSS izogufasha gushikira ayo ma serivise

Iyo bimenyekanye hakirikare ko umwana wawe yatakaje kwumva, birafasha gukingira ingorane zo kumenya kuvuga. Biragira ingaruka nziza muri kazoza mu bijanye no kwiga no mu kubahoneza mu kibano.